






# DOOLEEL FAMIYU IMIGRE: SA TEEREB LAYOO

Téere tegtal ngir Imigre yi ak Famiy imigre yu am làkk yu bari ci daara yi amul fay ci NYC

NYC Public Schools | MULTILINGUAL LEARNERS

Weeru suwe 2024

Dooleel Famiyu Emigre

# Tablo
# ËMBIIT YI

Xët


03 **Ubbite**
- Faram-fàcce ak mébetu téere tegtal bi.
- Ngërëm yu bawoo ci Ndongoy Departemaa Làkk ci Daara yu amul fay ci NYC ak UndocuTeacher.

05 **Xam luy Puwaar ak Agence**
- Xamle luy puwaar ak agence ci wàllu imigre ak famiy yu am làkk yu bari.
- Jéego yi lay yóbbu ci téere layoo famiy imigre yi.

06 **Jéego 1: Gëna xam gëna leeralu**
- Sàrt ak yelleef yuy laal imigre ak ndongo yi am làkk yu bari ci daara yi
  - Baat yu jëm ci imigraasioŋ, yelleef k sañ-sañ
  - Jot ci làkk
  - Njàng mu gëna kawe
  - Famiy yu dëkkuwaayi nekkandi

13 **Jéego 2: Jëfe Agence ci Àngaasmaa**
- Pexey jokkoo bu leer ak njàngalekat yi.
- May waajur ak mbokk ñu mëna bokk ci dogal yi ñuy jël ci daara yi.
- Gëna liggéey ci xamle ak boole caada ci sa daara.

17 **Jéego 3: Jot ci jumtukaay yi lay dooleel**
- Jumtukaayi famiy imigre: jot ci làkk, ndimbal ci yoon, seetug mbootaay gu lalu ci askan, ak yeneen.
- Wane àngaasmaa famiy.
- Këyitu-xayma ngir ndamu àngaasmaa famiy.

20 **Jàngat dosiye ak Jaloore yu mag**
- Misaali Imigre ak famiy yu am làkk yu bari yu am wërsëgu jot ci puwaar ak agence ci biir NYCPS.
- Lesson yiñ ci jàng ak doxalin yi gën yuñ jëlee ci jaar-jaar yii.

21 **Tëjte**
- Bataaxal buñ jagleel bépp famiy imigre.


NYC Public Schools | MULTILINGUAL LEARNERS

# Ubbite

kenn du génn dëkkam, fileek
dëkk bi ci boppam melul bi
gémmiñu gaynde géej gu
waa dëkk bi yépp di daw
di fexe nuñu rëccee...

dañu xam ni, nit du jël mukk doomam
di ko dugal ci gaal fileek ndox mi
gënul am kaaraange suuf si mu nekk

**Faram-fàcce ak mébetu téere tegtal bii**

Jukki bii bawoo ci taalifu Warsan Shire bi tuddu, “Home” dafay wax ci jaar-jaaru famiy imigre yu bari yu génn seen réew muy lu laaj fit ak jom ngir am kaaraange, am-am, ak yokkute.

Famiy imigre yi ci yoon yu metti yuñ xamul lañuy jaar, yenn saa ñu boddi leen, tere leen dugg réew, ak yeneen jafe-jafe, te wutu ñu lenn ludul dëkkuwaay bu baax ak fexe seeni doom am ëlëg gu neex. Ci seen fit ak seen jom, famiy imigre yi liggéey bu am solo lañuy def ci sàmm seeni caada ak jikko doom, fësal seen puwaar ak agence ci nettalib jaar-jaaru imigre bu gëna yaatu.

Ci téere tegtal bii, danuy sargal coono yi famiy imigre yi daj ba noppi nu sargal pas-pas bi ñu àndal ngir tabax kër gu ñuy mëna nekk ñoom ak seeni doom. Noo ngi delloo njukkal seen caada, seeni làkk ak caada yu wuute muy seen moomeel ak jumtukaay yu am solo yu am ngir indi coppite, nekk njiit, ak ngir toppatoo seen ëlëgu njàng mu kawe mu seeni doom, ak lu seen statu imigraasioŋ mëna nekk. Gis nanu itam coono ak jéego yu mag yi famiy yi di daj ngir jàpp ci njàng mu kawe mi bamu sotti ak di xeetu fësal bokkug ndongo yi.

Noo ngi ñaan bépp famiy bu bokk ci daara yu amul fay ci New York City ñu jëfandikoo téere tegtal bii ngir jàng lan mooy dugal sa loxo ci sa njàngum doom ci daara yu gawe yi. Soo jàngee téere tegtal bii di nga xam sa sañ-sañu famiy imigre, dinga xam lu bari ci ni ngay dugalee sa loxo ci sa njàngum ndoom, ba noppi nga am xalaat yu am solo ci naka ngay def ba bokk ci ñiy indi coppite ci daara yi seen askan nekk. Téere bii dafa taataan lu bari ci xalaati Paulo Freire, li téere bii bëgg mooy dëggal ni képp ku bokk ci askanu daara di kuy dugal loxoom bu baax ci seen njàngu bopp ba noppi ñu mën a yokk seen man-man ngir saytu ak soppali seen dundu askan.

# Dellu njukkal

## Daara yu amul fay ci NYC
## Departemaa ndongo yi am làkk yu bari

Li Departemaa ndongo yi am làkk yu bari bëgg mooy sos yamaleg ndongo yépp ndigali njàng yiñ tëral, yaakaar gu mag gu ñu am ci xeetu dalal guy nangu xeet, caada, ak wuuteg làkk yu ci ndongo imigre yi am làkk yu bari. Noo ngi def lunu mën ngir fexe ba ndongo yépp mëna dem daara ci xel mu dal, ñu mëna xamni amul lenn lu leen di gàllankoor seenug tekki ci njàng mi ëlëg.

### Dr. Mirza Sánchez-Media

Njiitu Departemaa ndongo yi am làkk yu bari

### Charlene Clarke

Njiit lu doxal, Ndimbal luñ jagleel ndongo imigre ak yu am làkk yu bari

---

## UndocuTeacher

UndocuTeacher dafay jox ay jumtukaayi njàng, ay serwiisi xelal ak yokkute ci liggéey yuy yatt ngir gëna baaxal liggéeyu njàngu ndongo imigre, yu amul këyit te am làkk yu bari. Seen liggéey dafay yombal njàngale muy bàyyi xel bu baax ci caada, di sóoraale developmaa sosio-emosionelu ndongo imigre yi, di sukkandiku ci seen jaar-jaar muy seen doole gi leen di jàppale ci seen njàng. Departemaa ndongo yi am làkk yu bari moo ngi gërëm UndocuTeacher ñoom ñi indi xalaat bu rafet ak seen doole ngir tëgg téere bii.

### Emilia Fiallo

Ki sos UndocuTeacher
Jàngalekat la woon ci Daara yu Amul fay ci NYC
Amul woon këyit

# Xam luy Puwaar ak Agence

## Puwaar

Puwaar mooy kàttan gi nit ki wala mbooloo wala nguur di am ngir mëna woo nit ñi ci mbir wala dugal leen ci. Xeeti puwaar yi am barina te wuute, lu ci mel puwaar koom-koom, askan, caada ak politik te ñuy dox ci këri xam-xam (lu melni daara yi) ak reso formel yi (lu melni jokkoog askan ak fësali caada).

**Naka la famiy imigre yi di wanee misaalu puwaar?**

Ak këyitu imigraasioŋ yoo mëna am, war nga mëna am kàttan ak man-manu xuus ci xeeti dundu yu bees, fësal sa xalaat séq lu rafet ak ñoom. Sa puwaar a ngi bawoo ci:

- Sa njàmbaar ak kàttan di wéyal sa yoon doonte amna ay jafe-jafe.
- Yi baax ci sa caada, sa diggante bu rafet ak nit ñi, ca kàttan ci mëna dajale nit ñi ci lu baax.
- Sa kàttan ci mëna sos yoon wu baax, duggante ak nit ñi, bay sa waar ci nekkinu askan wi, koom-koom ak caada ci dëkk bi nga bokk leegi, lépp ci sa jaar-jaar ak li nga dundu ak say mébet.

## Agence

Agence mooy kàttanu nit ki ci mëna defal boppam te du sukkandiku ci kenn, mën jël ay dogal ci teeyug bakkanam. Mooy mëna jëfandikoo benn puwaar wala sa xelu bopp ngir jël dogal ci sa dundu bopp, doonte dinga jànkoonte ak jafe-jafe yu la mën gàllankoor.

**Naka la famiy imigre yi di jëfandikoo agence?**

Famiy imigre yi ñooy jëlal seen bopp ay dogal ba noppi ñu def li gën ci ñoom te méngoo ak seen bëgg-bëgg, doonte mën nañu jànkoonte ak jafe-jafe ñàkk dégg làkk, wuuteg caada, ak tere yoon. Sudee ci famiy imigre yi, agence mooy:

- Mënal sa bopp: Mëna tànn ak jël dogal ngir sa famiy.
- Dooleel: Mëna jëfandikoo jumtukaay yi, xam-xam, ak mëna jëf.
- Wareef: Nangu lépp lu bawoo ci jëf ak dogal yi nga jël.
- Dëgër: Xoolaat ak soppi lépp luy puwaar bu amalul njariñ sa famiy.

**Leegi nak:** Naka laa mënee jëfandikoo sama puwaar ak agence ngir mëna layal?

**Jéego yi may jaar ba mëna layal famiy imigre yi:**
Jéego 1: Gëna xam gëna leeralu
Jéego 2: Jëfe Agence ci Àngaasmaa
Jéego 3: Jot ci jumtukaay yi lay dooleel

# JEEGO 1: YOKK SA XAM-XAM AK GËNA MËN RÀÑÑATLE

NGAY FAMIY IÀIGRE CI DAARA YI AMUL FAY CI NYC

1

## JOT GI

Daara yi amul fay ci NYC du laaj ndongo wala mbokk yi lu jëm ci sa statu imigraasioŋ wala mu koy topp. Soxlawul ngay am nasionaalite ameriken ngir bindu ci bépp daara bu amul fay ci NYC.



**War nga xam lu jëm ci**

**Plyler v. Doe, 1982**

Plyler v. Doe ab dogalu Kuur Suprem Court buy wax na xale yépp jàng, **ku am ak ku amul këyit, amna sañ-sañu jàng ba 12eelu at (K-12) ci daara yu amul fay**. Sàrt boobu dafay tere bépp daara bu amul fay buy baña jël ci daaraam xale imigre bu amul këyit, ndax xale bi daa am sañ-sañu jàng.

2

## SUTURA

Sa daara warul joxe say leerali bopp fileek àndoo ci wala fileek yoon bindul këyit wu koy digle.

**FERPA**

Yelleefi Njàngu Famiy ak Sàrtu Sutura (FERPA)

**Li nga wara xam ci FERPA!**

FERPA dafay digle ñu denc leeral yu ñeel ndongo wala famiy. Daara waru ñu joxe say leerali bopp ak yeneen agence yi ci melni ICE (Immigration and Customs Enforcement) fileek àndoo ci, wala fileek yoon santaane wu ko.

Maanaam loolu mooy sa daara warul joxe benn leeral boo ko jox, ba ci lu melni:

- këyiti bindu.
- leeral yiy dugg ci këyitu mbindu bi, lu ci melni sa turu doon, adres, ak yeneen mbir.
- leerali jokkoo ci lu jamp lu ci melni adres ak tur.

# JEEGO 1: YOKK SA XAM-XAM AK GËNA MËN RÀÑÑATLE


SUDEE FAMIYwed in schools except when legally required and after consulting with N IMIGRE NGA CI DAARA YU AMUL FAY CI NYC

## DAARA YU WÓOR

Yeneen takk-der yu bokkul ci dëkk bi, muy waa Immigration and Customs Enforcement (ICE), mayu ñu leen ñu dugg ci daara yi fileek amu ñu këyit bu leen koy may, ak ginaaw bu daara yi amul fay ci NYC waxtaanee ak seen awokaa.



**BÀYYI CI XEL:**
**MËN nga dem sa daara doom ngay ku am wala ku amul këyitu imigraasioŋ!**



- Daara yi barab yu wóor lañu ci famiy imigre yi.
- Daara yu DUÑU la laaj kàrti dàntite bu la amerik jox balaa ngay dugg.
- Mën nga indi sa paaspoor, kàrtu konsuleer, NYC ID (IDNYC), kàrtu liggéey bu am foto, kàrtu ndimbalu askan ak foto wala kàrtu ndongo ngir may nit mu dugg wala bindu.

# JEEGO 1: YOKK SA XAM-XAM AK GËNA MËN RÀÑÑATLE

SUDEE FAMIY YU AM LÀKK YU BARI

### GIS-GISU LÀKK YU BARI

Daara yi amul fay ci NYC dañu jox cër wuuteg làkk ak caada yu famiy ak ndongo yu am làkk yu bari ak moomeeli képp ku bokk ci daara ji.



### DAARA NYC DAÑUY AM LÀKK YU BARI

Ci atum njàng 2022-2023, **ELLs ci daara yi amul fay ci NYC jokkoo nañu 150 làkk yu wuute ak Àngle**. Lu ëpp 66% ci ELLs Español lañuy làkk, ñiy làkk Chinois ñoo ci topp, Araab, Russe, Bengali, Urdu, Kreol bu Haiti, Uzbek, Franse, ak Ukrainien.

**Balluwaay**: 2022-23 ELL Demographics At A Glance rapooru DML

## BAAT YI NGA WARA XAM SOOY IMIGRE AK WAAJUR WU AM LÀKK YU BARI:

- **Làkk yu bari** - mooy nit ki di jëfandikoo làkk yu bari moom ak keneen wala mbooloo.
- **Àngle di Làkk wu bees (ENL)** prograam la buñu tëral ngir jàppale ELLs ñu gaawa dégg Àngle.
- **Ndongo yuy Jàng Àngle (ELL)** ndongo bu làkk wu njëkk nekkul Àngle te soxla ndimbal ngir mëna dégg ak làkk Àngle.
- **Prograami Jàng Ñaari làkk**-Prograam yi amna Dual Language and Transitional Bilingual Education, di jàppale ndongo bi mu dégg Àngle ba noppi déggaale làkku dëkkam. Prograami Ñaari Làkk dafay jàngale ñaari làkk yépp, waaye Transitional Bilingual Education dalay jàppale nga jàll ndànk ci Àngle.

2

## Njàng ci làkk

Daara yi war nañu fexe jàllale bépp xibaar bu am solo ci làkk wi famiy bu nekk taamu, muy këyit bu ñu tekki wala nit kuy tekki ay kàddu.

### XAM SAY YELLEEFI NJÀNG LÀKK

**Jokkoo ci làkk wi nit ki taamu:**

- Famiy yi am nañu sañ-sañu jot leeral yu ñeel seen njàngu doom ci làkk wi seenfamiy taamu, muy këyit wu am solo wu ñu tekki ak nit kuy tekki ay kàddu.

**Rapooru tolluwaay:**

- Waajur yi am nañu sañ-sañu faral di jot ay rapoor ci njàngum Àngle mi seen doom di def ak ci yeneen njàng yi, ñu bind ko ci làkk wi ñu taamu.

3

## TÀNNEEFI LÀKK

Daara yi dañu wara am serwiisi English as a New Language (ENL) yu ci melni Prograami Ñaari Làkk jagleel ko bépp ndongo buy jàng làkku Àngle ngir mën ko dégg bu baax.

### Xam say yelleefi taamu làkk

**Serwiisi ndimbalu làkk:**

- Waajur yu am nañu sañ-sañu ñu natt fu seen doom tollu ci làkku Àngle ba noppi boole ay serwiis ndimbal ci làkk, lu ci melni prograami English as a New Language (ENL) ak Bilingual Education.

**Tànneefu prograam:**

- Waajur yi am nañu sañ-sañu tànn ci prograami ndimbal ci làkk yi jàppandi (ci misaal, Dual Language, Transitional Bilingual Education, ENL) ngir seen doom ba noppi ñu jox leen leeral yu mat ci tànneefu prograam bu nekk.

**Bokk ci lu ñuy def ci daara ji:**

- Waajur yi am nañu sañ-sañu bokk ci lépp lu ñuy def ci daara ji ak teewe ndaje yiy wax seen njàngu doom, ñu wutal leen ku leen di tekkil làkk.

# JEEGO 1: YOKK SA XAM-XAM AK GËNA MËN RÀÑÑATLE

SAY DOOM MËNA DUGG DAARA JU KAWE AK MËN TEKKI

**DUGG CI DAARA JU KAWE**

Ndongo yi am wala yi amul këyit yépp a mën dugg daara ju kawe.

**FAMIY YU BOKKUL STATU**

Xale bu juddoo Amerik mën na dem daara ju kawe doonte waajuram amul këyit.

**NDIMBALU XAALIS**

Amna ndimbalu xaalis lu ñu jagleel ndongo yi amul këyit ngir jàppale leen ci seen njàng!

## Done yu ñeel ndongo yi amul këyit:

- **Ndongo yi amul këyit mënu ñu bokk ci prograamu ndimbalu xaalis bi nguur gi jagleel doomi réew mi**, lu melni bursu, leb, ak prograami jàng di liggéey.
- **Ndongo yi amul këyit ci New York mën nañu am ci ndimbalu xaalis li réew mi di joxe suñu jaare ci Sàrtu New York State DREAM,** moo leen di may ñu mëna ko wut ci xeetu ndimbal yu bari, lu ci melni:
    - Prograamu Ndimbalu Skolaarite (TAP)
    - Bursu Excelsior: Mooy fay skolaarite bépp ndongo buñ ko jox
    - Daaray SUNY wala CUNY.
    - Bursu njàng mu kawe (Enhanced Tuition Awards, ETA): Dafay jàppale ndongo yi ci skolaarite ci daara priwe yi ci New York.
    - Ndongo bu ci bëgg, dangay bind formileeru Sàrtu NYS DREAM bi ci net bi te nga am li ñuy sàkku ci yaw.
- **Ndongo yu amul këyit ci New York mën nañu am ci fere skolaarite yu etaa bi ci daara yu mag yu amul fay sudee matal nañu yenn càkkutéef yi,** lu ci melni:
    - Fàww ñu jàngee ci benn liise New York ñaari at gën gaa néew ba noppi mu jeexal njàng ci benn liise ci New York, wala fàww ñu am lijaasa New York State GED.
    - Dañu bindu ci daara ju mag wala universite ci etaa New York ci biir diiru juróomi at ginaaw biñ jotee seen lijaasa wala GED.
    - Dañu wara bind këyit ba noppi xaatim ko di wax daara ju kawe ji wala universite bi di wax ni dina ñu jéema wut dëkkuwaay bu yoon nangu saa yu ñu ko mënee.

## Sudee xale yi juddoo amerik te seen famiy tolloo wuñu statu:

- **Mën bokk ci ndimbal federaal:** Sudee ndongo li doomu amerik la wala mu mëna bokk ci yiñ jagleel ñu dul doomi amerik, mën nañu bind Free Application for Federal Student Aid (FAFSA) muy formileer bu ndongo yi di jëfandikoo ngir wut ndimbalu federaal te du ñu xool seen statu waajur.

- Ñoo ngi ñaan mbokk yi ñu dem ci https://studentaid.gov/h/apply-for-aid/fafsa ngir am ay leeral, te waxtaan ak kiy xelal sa doom ci njàng ngir am ndimbal.

# JEEGO 1: YOKK SA XAM-XAM AK GËNA MËN RÀÑÑATLE

## FAMIY YI NEKK CI DËKKUWAAYU NEKKANDI

**Ndongo yi nekk ci dëkkuwaayi nekkandi ñooy ndaw ak famiy yi:**

- Yokk bu baax (ak xarit wala mbokk ndax mënu ñu am wala jënd dëkkuwaay)
- Dëkk ci làquwaay wala làquwaayu nekkandi,
- Dëkk ci hotel/motel,
- Bëkk ci oto, bus wala train,
- Dëkk ci pàrk wala mbedd, wala
- Dëkk ci tabax bu kenn nekkatul
- Dañu ciy boolewaale xale bu amul mbokk wala bu amul ku ko yor, lu ci melni ñi:
  - daw génn seen kër,
  - ñu génne seen kër
  - seeni waarul wacci.

**Balluwaay:** Ndongo daara yi amul fay ci NYC yi nekk ci dëkkuwaayi nekkandi

1

### SÀRTU MCKINNEY-VENTO

Ndongo yi nekk ci dëkkuwaayi nekkandi am nañu ay yelleef, yu melni jàng te duñu fay, dugg ci oto dem-dikk te duñu fay ak yeneen mbir.

**Ndongo ak famiy yi bokk ci Sàrtu McKinney-Vento ndax li ñu dëkk ci dëkkuwaay nekkandi ci jamono yii mën nañu am ci ndimbal yii:**

- Njàng mu amul fay.
- Bindu ci saasi ci daara dëkk bi sudee desna plaas.
- Mëna jàngi daara, ñu yàgg ci dëkk bi ñu nekk wala ñu bañ fa yàgg a ñëw.
- Des ci seen daara cosaan (daara ja mu daan jàngee laata ñuy ñàkk dëkkuwaayu wala daara jiñ mujjee jàngee) wala mu nangu jàngee daara ci fi ñu nekk.
- Dugg ci oto yi di jàngi ak di ñibbisi.
- Ñu bañ leen tere jàng ci saasi ndax xat-xat yi ñu nekk wala ndax amu ñu këyit yi leen di may ñu bindu.
- Ñu bañ leen beral seen njàngum bopp ndax li ñu amul dëkkuwaay.
- Ñu jox leen ci lekk yi amul fay ci daara ji.

**Balluwaay:** Ndongo daara yi amul fay ci NYC yi nekk ci dëkkuwaayi nekkandi

# JEEGO 1: YOKK SA XAM-XAM AK GËNA MËN RÀÑÑATLE

FAMIY YI NEKK CI DËKKUWAAYU NEKKANDI

2

## FAMIY YU AMUL KËYIT

Famiy imigre yi amul këyit mën nañu am ci serwiis yu bari ci dëkk bi, ak statu buñu mëna nekk.

**Famiy yu am statu imigrasioŋ wala yu ko amul, mën nañu am:**

- Asuraas feebar bu yomb wala bu amul fay
- Ndekki wala añu daara bu amul fay
- Kàrt dàntite bu amul fay, jaare ci IDNYC
- Lekk yu bawoo ci dencukaayu lekk ak ci waañi askan
- Prograami neexal NYC Summer

**Balluwaay:** Students in Temporary Housing Téere Tegtal

3

## BARAB YIY DALAL FAMIY

Barabi dalal yi, asistaŋ sosiyaal yi, ak jumtukaay yi ci net bi ñoo lay jàppale ci dëkk bi ndax nga am ndimbal.

**JUMTUKAAY YI GËNA AM SOLO:**

- Barab yiy dalal ñi ñiy bindu:
  - https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers
- Jokkool ak sa **asistaŋ sosiyaalu daara** mu jàppale la nga am jumtukaay yu melni dëkkuwaay, njariñu askan, dem ak dikk, ak mën am lekk.
- **Téere Tegtal buñ jagleel ndongo yi nekk ci dëkkuwaayi nekkandi yi:**
  - [sth.cityofnewyork.us/](sth.cityofnewyork.us/)

# JEEGO 2: DOXAL AGENCE JAARE CI ÀNGAASMAA

- PEXE YI NGA WARA DEF NGIR SA JOKKOO AK JÀNGALEKAT YI MËNA NEEX
- MAY WAAJUR YI AK FAMIY YI ÑU MËNA BOKK CI DOGAL YI ÑUY JËL SEEN DAARA DOOM
- MËNA FËSAL AADA BU NEKK AK BOOLE LEEN CI LEPP CI SA DAARA

**Famiy, njàngalekat, ak askan wi ñoom ñépp a am cër ci jàppale xale bi mu tekki.**

Àngaasmaa ci daara dafa wuute ci famiy bu nekk. Jëfandikoo sa agence ngir xam anam wi gën a baax ci yaw ak sa doom.

Njeexitalu bokk liggéey googu mooy njariñu xale bu am waajur yu xam, àngaase boole ci am teewaay.

## Jëf #1

Di nangu jokkoo ak tontu laaj yu bawoo ci ñiy jàngal say doom wala seen daara.

## Jëf #2

Teewaay ba noppi sa waa ekolu doom dila mëna gis ci daara ji.

## Jëf #3

Joxe ak weccoo xalaat ak daara ji sa doom di jàngee.

**Bàyyil sa xel ni, sa statu imigraasioŋ wala sa ñàkk dégg làkku àngle waru ñu la mëna tere dugal sa loxo ci sa njàngu doom!**

# JEEGO 2: DOXAL AGENCE JAARE CI ÀNGAASMAA

### Yeesalal say laarali jokko

Fexeel say leerali jokkoo wallu méngoo na ak fi nga nekk, nga yeesal leeral yi ngay jox daara ji sa doom di jàngee.

### Wax ak kiy jokkoo ak waajur yi

Xamanteel ak kiy jokkoo ak waajur yi ci daara ji sa doom di jàngee mu joxla ay leeral ci prograam yi, jumtukaay yi, tàggat yi, xew-xew yi, ak mbir yi nga mëna bokk.

**Jëf #1:**
**Deel jokkoo ak di tontu ci laaj daara ji sa doom di jànge ak ñiy jàngal say doom**

### Konti Daara yu New York City

Aplikaasioŋu konti daara yu NYC (NYC Schools Account, NYCSA) dina la may nga xam fu sa doom tollu ci njàng mi, nga xam ay notam, teewaayam, waxtu jàng, ak yeneen mbir.

### Jokkoo ak njàngalekat yi

Jàngalekat yi ak ñiy liggéey ci sa daara doom mën nañu jokkoo ak yaw ci telefon, sms, ak/wala imeel. Fexeel ba ñuy jokkoo ak yaw ci sa làkk. Jokkool ak nun soo soxlaa ndimbal ci tekki làkk.



**JUMTUKAAY YI:**

- Soo soxlaa leerali jokkoo ci ndawi daara bumu mëna doon, ba ci kiy jokkoo ak waajuri ndongo yi ci daara ji sa doom di jàngee, demal ci https://schoolsearch.schools.nyc/ nga bind turu daara ji.
- Fexeel am kontu New York City Schools Account. Demal ci https://www.schoolsaccount.nyc/ ngir ubbi kontu ci sa làkk.

**PEXE:** Xolal ci lu sa xarit nekk! Soo tegee bépp jokkoo ak sa daara doom, waxal sa xarit mu topp jéego yooyu ngir mëna xam lépp lu xew ci dëkk bi jëm ci askan wi!

# JEEGO 2: DOXAL AGENCE JAARE CI ÀNGAASMAA

**Jëf #2:**

**Feexal daara ji sa doom di jàngee dila gis.**

### Bokk ci ndaje ak xew-xewi daara

Bokkal ci xew-xew yi, lu ci melni sorti yi, ndimbalu klaas, wala foire daara, ngir wane sa àngaasmaa, sa kàddu ak ndimbal.

### Bokkal ci mbootaay ak kuréel yi waajur yi jiite

Yëngul bu baax ci kuréelu gi dajale waajur ak jàngalekat yi wala yeneen mbootaay ngir mëna bokk ci dogal yi ñuy jël ak lu ñuy def, doonte déggoo làkk wi bu baax.

### Teeweel jotaay diggante waajur ak jàngalekat

Deel faral di teewe ndaje yiy am ak ñiy jàngal sa doom ngir xam ndax sa doom a ngi góor-góorlu ak ndax amul benn jafe-jafe. Daara ji daa wara wut ku lay tekkil làkk wala wax ci làkk.

### Deel faral di dem ci daara ji

Deel faral di dem ci daara ji suko defee nga mëna jokkoo ak ndaw yi fay liggéey ak jàngalekat yi, nga fësal yitte ji nga am ci njàngu doom ak ndax mingi ci jàmm.



**JUMTUKAAY YI:**

- Xam leeral yu am solo ci bisi daara bu amul fay ci NYC ci arminaatu daara ji: https://www.schools.nyc.gov/calendar

## Pexe: Ndax laaj nga yii laaj kiy jàngal sa doom?

- Lan la sama doom wara jàng ci klaas bii, ak yan prose yu mag lañu nara def?
- Naka laay xamee ni sama doom a ngi def jéego yiñ koy laaj ci njàngum làkk ak klaasam ci at mi?
- Fan la sama doom wane njàmbaar ak fan la am jafe-jafe?
- Yan jumtukaay ñoo jàppandi sudee dama soxla sama doom dolli njàngam ginaaw bu wàccee daara ja?
- Naka laay jokkoo ak yaw suma amee lu ma bëgga laaj?

# JEEGO 2: DOXAL AGENCE JAARE CI ÀNGAASMAA

## Jëf #3: Joxe ak weccoo xalaat ak daara ji sa doom di jàngee

### Sa gis-gis amna solo

Daara yi amul fay ci NYC dañuy gëna su waajur yi dugalee seen loxo ci liggéey bi, di joxe seen xalaat ak ndimbal, leeral yu ñeel njàng mi ci ndongo imigre yi.

### Waxtaan ci say soxlay doom

Xamal jàngalekat yi ak ndaw yiy liggéey ci daara ji lu sa doom wara soxla, xeetu njàng, wala lu laal wàllu caada lu mëna jàppale xale bi mu gëna gaawa mokkal.

### Bokk ci joxe leeral ci formileeri lànket joxe Xalaat:

Soo bokkee ci lànket ak joxe sa xalaat daara ji dina la may nga joxe sa xalaat ak sa gis-gis.

### Tabax sa bayaalu bopp

Sudee sa daara du jëfandikoo jumtukaay yi war ngir jàppale la ci wàllu làkk wi nga dégg ngir yombalal sa bokk, sosal kuréel guy boole yeneen waajur ak ay njàngalekat suko defee famiy imigre yi mëna fësal seen kàddu boole ci ñu jox leen cër.



## JUMTUKAAY YI:

- Bokkal ci fu ñu soxlaa sa xalaat:
  - Ngir jàppale ndongo yi ak famiy yi, bokkal ci mbootaayu waajur yi: https://www.schools.nyc.gov/get-involved/families/parent-associations
  - Soo bëggee ñépp nekk benn doonte wuute amna, bokkal ci kuréelu nekkin wu rafet: https://www.schools.nyc.gov/get-involved/families/school-wellness-councils

**PEXE:** Soo gisee lenn loo bëgg ñu soppi ko ci sa daara, xoolal kenn kuy liggéey ci daara ji ku la ci mëna dimbali. Wax ko sa xalaat, nga topp mbir yi, ngeen doon kuréel guy dugal loxoom ci saafara jafe-jafe bi.

# JEEGO 3: JUMTUKAAYU NDIMBAL NGIR DOOLEEL

## SERWIISI NDIMBALU LÀKK

Daara yi amul fay ci NYC dégg nañu sa làkk! Famiy mën nañu sàkku ku leen jàppale ci tekki làkk. Am ci yeneen leeral: schools.nyc.gov/school-life/school-environment/hello

## TÀGGAT WAAJUR CI DAARA YU AMUL FAY CI NYC

Sababu tàggat waajur yi mooy jàngal ak dooleel famiy yu nekk ay parteneer, awokaa, ak njàngalekaat ba fàww ci seen njàgu doom, te duñu fay liñ leen di jàngal, jumtukaay, xew-xew, ak liggéey yi. Bindul: parentu.schools.nyc

## MBOOTAAY GU ASKAN WI TËRAL

Mbootaayi askan wuy jàppale ndongo imigre yu am làkk yu bari: bit.ly/DMLCBO

## NJÀNG ÀNGLE TE DOO FAY

We Speak NYC (WSNYC) prograamu dëkk bi la, amul fay, di jàngal nit ñi làkk àngle, ki yor prograam boobu mooy by the Mayor's Office of Immigrant Affairs (MOIA). Demal: nyc.gov/wespeaknyc

## NDIMBALU IMIGRAASION CI YOON

Ku nekk mën na am kàrtu IDNYC, di kàrt bu wóor bu lay may nga jëfandikoo serwiisi dëkk bi, dugg ci batimaa dëkk bi yi nga mëna amee ci serwiisi askan wi. Demal: nyc.gov/site/idnyc/index.page


Imigre yi amul këyit te dëkk ci Etaa bu New York mën nañu wut permi dawal buy ñuy yorandi wala kàrt dàntite ku dul dawal. Demal: dmv.ny.gov/

## NDIMBALU IMIGRAASION CI YOON

Dëkku New York dafay baaxe ndimbal ci wàllu yoon, lu amul fay, te wóor jaare ko ci mbootaayi askan ci barab yu melni barabi fajukaay yi, daara, ak kàggu yi. Serwiis yooyu jàppandi nañu ci sa làkk te du xool sa statu imigraasioŋ. Woowal waa nimero wert u ndimbalu imigraasioŋ MOIA ci 800- 354-0365, wala 311 te wax "ActionNYC," liko dalee 9 waxtu ci suba ba 6 waxtu ci ngoon, Altine ba Ajjuma.

# ROYUWAAY BUÑ MËNA GIS CI ANGAASMAA FAMIY

Imigre ak famiy yu am làkk yu bari am nañu puwaar ak agence ngir sos coppite yu baax ci seeni daara, jaare ci yokk seen xam-xam ci seeni yelleef ak jumtukaay yi jàppandi. Su famiy yi xamee seeni yelleef ba noppi mëna jëfandikoo jumtukaay yi jàppandi ci ñoom, dañuy daal di mëna amal coppite ci xel mu del. Loolu dafay tax soo naree fësal sa kàddu ci luy jëmale sa daara doom ci kanam, nga mën ko teg ci xam-xam ak xel mu dal, duñu xool ndax dégg nga làkk wi am déet te kenn du xool sa statu imigraasioŋ. Daara dafa barab bu famiy yépp jàpp ni fa lañu bokk ba noppi ñu dooleel leen ñu mëna amal coppite.



## 1. Xam ak xàmmee say jafe-jafe

- Jàngalal sa bopp say yelleef ak jumtukaay yi jàppandi ngir jàppale la ci jafe-jafe yoo am yaw ak sa doom. Sudee mënoo am ndimbal wala saafara, mën nga ko fësal ni mooy sa jafe-jafe.
- **Jëf:** Waxal sa jafe-jafe te nga fexe xamal ñeneen ñi lu tax mu am solo ak njariñ li mu amal ñi bokk daara ji.

## 2. Taxawal sa kuréel: dolliku ci kuréelu askan.

- Nasal kuréel guy dajale nit ñoo bokkal mébet. Mën na nekk ku bokk ci PTA, ku bokk ci kuréel guy jiite, wala kuréelu waajur yu bokk xalaat.
- **Jëf:** Dalal ndaje wala sos kuréelu waxtaan ngir waxtaane jafe-jafe yi ak xool saafara yi war. Jëfandikoo xalaat yu rafet yu nit ñi bokk déggoo.

## 3. Daje ak njiit yi

- Indil say càkkutéef ci daara ji wala nga fësal say jafe-jafe ba noppi nga xelal ci saafara ak kilifa yi ngir amal coppite. Fexeel di jokkoo ci anam wu leer te am njariñ.
- **Jëf:** Jàppal ndaje ak njiiti daara yi, bindal imeel buy leeral li nga bëgg, te nga waajal fësal ko ak sa kuréel.

## 4. Amal jël

- Defal sa plan te nga amal jéego yi war ngir defar plan buy saafara say jafe-jafe. Bokkal ak daara ji liggéey.
- **Jëf:** Fexe leen jëfe saafara yi ngeen joxe.

## 5. Xayma ak séddoo njàngu mbooloo

- Ginaaw bu ngeen defee dara ba noppi, xayma leen njariñ li mu jur ba noppi def jubbanti yi war.
- Wéyal jokkoo gi ndaw yiy liggéey ci daara ji ak mbootaayi askan wi.
- Màggal leen bépp jéego bu ngeen def, amul xeeb.

# KËYITU XAYMA NDAMU ÀNGAASMAA FAMIY

Jàppaleel sa bopp nga def leeral yi war ci këyitu xayma bii ñu sos ngir jàppale nga mëna jëfandikoo jumtukaay yi, xam-xam, ak jumtu yi war ngir ànd ak xel mu dal sooy yëgati sa kàddu kuréelu daara.

Turu daara: ____________________

**Leerali daara yu am solo yu jara xam:**

- ☐ Turu kiy jokkoo ak waajur ci sama daara: ____________________
- ☐ Leerali jokkoo kiy jokkoo ak waajur yi: ____________________
- ☐ Turu Kiy jokkoo wala Njàngalekatu ENL ____________________
- ☐ Leerali jokkoo Kiy jokkoo wala Njàngalekatu ENL: ____________________
- ☐ Tur ak numero telefon waajur ak xarit ci daara ji: ____________________

**Limu liggéey yu am solo ci atum njàng mi**

- ☐ Yeesal samay leerali jokkoo ak biro mu mag bi
- ☐ Sos kontu NYC Schools Account
- ☐ Jot xibaar yu bawoo ci daara ji ci sama làkk (imeel, sms, wala woote telefon)
- ☐ Xamante ak kiy jokkoo ak waajur yi
- ☐ Teela teewe gën gaa néew benn xew-xawu ndaje waajur ci ndoorte at mi
- ☐ Teewe waxtaanu waajur ak jàngalekat bi ñuy amal ci automn bi
- ☐ Bokk ci kuréel wala mbootaay gu waajur yi jiite
- ☐ Jokkoo ak gën gaa néew kenn ci ñiy jàngal sama doom
- ☐ Teewe xew-xewi daara ji ngir taxawu sama doom (li muy def, fësal, wala match)
- ☐ Xaritoo gu bees yaw ak waajur woo nuróol jaar-jaar
- ☐ Teewe waxtaanu waajur ak jàngalekat bi ñuy amal ci pringtemps bi
- ☐ Joxe sa xalaat ci lànketu daara gën gaa néew benn yoon ci at mi

**Mbootaayi askan wi:**

- ☐ Serwiisi imigraasioŋ: ____________________
- ☐ Ndimbalu dëkkuwaay: ____________________
- ☐ Eglise u dëkk bi: ____________________
- ☐ Ndimbal ci feebaru xel ____________________

NYC Public Schools | MULTILINGUAL LEARNERS

# Jàngat dosiye ak Jaloore yu mag



## FAMIYU FIALLO

- Famiy imigre lanu bu bawoo réewu Equateur
- Amoon nanu 2 doom ci daara yi amul fay ci NYC
- Español lanuy làkk

### Jafe-jafe yi nu jànkoonteel:

Xamu nu woon ni mën nanu dem ci daara ji sunuy doom doon jàngee moo tax fekkee wunu ndajey waajur ak jàngalekat yi. Yëgu nu woon dara luy xew ci daara ji, moo bi sunu doom ju jigéen waree dam daara ju mag ja, xamu ñu woon nunu koy ndimbalee ndax xamu nu kunu wara waxal ci daara ji.

### Saafara ci sunu jafe-jafe

Kiy xelal sunu doom ci daara ju mag moo mujjee xam jafe-jafe yi nu nekkoon bi sama doom ju jigéen sàkkoo ndimbal. Daje nanu ak ki koy xelal ginaaw bi nu mayee sama doom bursu ngir mu tàmbali jàngam. Xamu nu woon ni amna mbir yuñ jagleel xale yi amul këyuit.

### Sunu doole

- Sunu ngëm
- Bëgg gi ni bëgg sunu doom
- Sunu sëy
- Bëgg togg!

### Sunu féexal-xol

- Picnic Ajjuma ci pàrk bi
- Def ay match football ci njeexte ayu-bis bi

**Leson Biñ ci jàngee**

Famiy Fiallo soxla wuñu joxe seen statu imigraasioŋ ngir ki leen di xelal ci daara ju kawe ji mën leen dimbali. Daara ju nekk daa wara fexe ba waajuru bu nekk xam ni amna ndimbalu làkk luñu leen jagleel. Famiy Fiallo def na lu am solo ginaaw bimu xamalee ki leen di xelal ci daara ju kawe ji ni amna yeneen waajur yu bari yu amul këyit yu mel ni ñoom. Famiy Fiallo war nañu bég ci seen bopp ci jéego yu mag yiñ def ndax tax na leegi ndimbalu làkk yi din ñu yegg ci famiy yépp.

# Jàngat dosiye ak Jaloore yu mag



## FAMIY BHUIYAN-MORALES

- Famiy lanu bu bokkul statu, kenn di waa Asie Sud-est keneen ki bawoo Mexique
- Am nanu 2 doom ci daara yi amul fay ci NYC
- Danuy làkk Bengali, Español ak Àngle

### Jafe-jafe yi nu jànkoonteel:

Ak sunu doom ji gëna mag, daara ji doon naa jokkoo ak nun ci liggéey bi. Sama jafe-jafe bi gënoon mag mooy wuuteg caada ji sama doom dundu ci daara jooju. Nu séq ndaje ak kilifa yi jiite, kiy xelalaate, jàngalekat bi, ki yor liifantu gi, ak art therapist. Ma indi limu jafe-jafe yu bari yuñ am ak lima leen ci xelal, xamal li ma yaakaar ni moo gën ci sama doom. Ci ndimbalu ki koy xelal, nu daal di defar benn plan. Loolu dox, nu gis ni sama doom góor-góorlu na bu baax ci doxalinam, waaye yaakaar bi ma amoon ci daara ji daa tas.

### Sunu doole

- Sunuy jokkoo sunu biir amu nu nëbbante, léppay leer te dëggu. Nun famiy bi nooy bokk jël bépp dogal.

### Sunu féexal-xol

- tukki
- ñam yeneen togg, def planche ak puzzle
- bokk seetaan film
- fecc ngir fàtte sunuy jafe-jafe

### Saafara ci sunu jafe-jafe

Kiy xelalaate ci daara jàppale nanu ñu xam tànneef yiñ am. Nun famiy bi, jël nanu dogal amal gëstu yu xóot te nangu ni amna yenn daara yoo xamni du yi gën ci nun. Ci lanu xam solos xam kañ nga toxal sa doom ci jeneen daara joo xam ni dina ñu ko nangul aadaam. Leegi xam naa ni amnaa sañ-sañu wax sama xalaat. Jàng naa defar këyit ci lép luy waxtaan ak jokkante, suko defee su may teewe ndaje fekk ma yor bépp firnde buma soxla.

**Lesoŋ biñ ci jàngee**

Mafiy Bhuiyan-Morales dañu waroon jël dogal yu tar. Dafay am solo lool famiy bu nekk mëna waxtaane jafe-jafeem ak daara jiI, suko defee ñu bokk wut ci saafara. Sudee dangay soxla kula tekkil làkk ci ndaje yi, daara ji daf ko wara wut. Soodee famiy imigre, am nga sañ-sañu waxtaane sa njàgum doom ak daara ji muy jàngee te doo ci ragal dara te kenn du la ci fexeel. Dafa am solo nga sàkku ndimbalu ñi xam soo soxlaa yeneen leeral. Famiy Bhuiyan-Morales am nañu saafara ginaaw bi ñu seetijee benn psychologue ak kuy dalal xel. Ñoom ñoo gëna mëna taxawu sa doom.

## Bataaxal buñ jagleel bépp famiy imigre

Amul kenn ku lay jàngat nga nekk waajur wu dëgër te mëna muñ ci coppite yi am ci sa dundu ginaaw bi nga ñëwee ci meneen réew ak sa famiy. Sooy sooga ñëw ci réew, amul kenn ku lay mëna gindi saa su nekk, gisatoo li nga tàmmoon, yar say doom, yor sa liggéey, ak jàng caada ak làkk wu bees. Lu bari ci li ngay jànkoonteel dina jafe, waaye xamal ni amna ñeneen ñu ko dundu, jafe-jafe yii yépp dina ñu nekk sa ginaaw. Nekk waajuru imigre ci New York City nekkul lu yomb, waaye jarul ngay nekk wéetaay. Lenn ci puwaar bu imigre bu nekk am mooy kàttanam ci dajale mbooloo, ñuy jàppalante seen biir, te ku nekk mën ci gis boppam.

Mbooloo mooy saafara bi gëna aay ci jafe-jafe. Sunu booloo gëna am doole.

Ginaaw jafe-jafe yi dañuy ñëw saa yu nekk, bàyyil xel ni am puwaar ak agence ngir yaakaar ci sa bopp, sa askan, ak say jumtukaay ngir sos dundu gi nga namma am fi ci dëkk bi nga ñëw ak sa famiy. Daara yi amul fay ci NYC dañu àngaasewu ci nekk barab bu am kaaraange ci famiy imigre yi, di barab bi ñuy jàppee famiy imigre yi ni ku bokk ci ñoom, seen làkk nekk lu am solo, seen gis-gis, caada, ak yeneen mbir. Jotna ci yaw waajur wi wala njaatige xale bi, ngeen fexe sa seen daara doom di liggéey ci gis-gis boobu ngeen bokk am.

NYC Public Schools | MULTILINGUAL LEARNERS

**Weeru suwe 2024** **Dooleel Famiyu Emigre**